

# ДЕНЬ ПОБЕДЫ НА ВСЕХ ЯЗЫКАХ

АВАРСКИЙ ЯЗЫК

## БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪУЛ КЪО

Перевёл на аварский язык Магомед Патахов

Киг1ан рик1к1ад бук1араб гьаб Бергьенлъиялъул къо,
Ссунеб ц1адулъ т1аг1унеб т1орчол горо кинигин.
Рук1ана г1ат1илъаби, мух1уралъул х1урлъарал,
Бажарухъе нижеца гьаб къо г1агар гьабуна.

Гьаб Бергьенлъиялъул къо, тунк1ихарил мах1 бугеб.
Гьаб гьайбатаб Байрамкъо, къуншбузда саву бугеб.
Гьаб ц1акъ к1удияб рохел, беральлъ маг1у хулараб.
Бергьенлъиялъул къо! Бергьенлъиялъул къо! Бергьенлъиялъул къо!

Мартеновасул печахъ рорч1арал сардал-къоял,
Къач1о цо лах1заталъги берал нилъер Ват1аналъ.
Сордо-къо ц1ехеч1ого зах1матаб рагъ гьабуна,
Бажарухъе нижеца гьаб къо г1агар гьабуна.

Гьаб Бергьенлъиялъул къо, тунк1ихарил мах1 бугеб.
Гьаб гьайбатаб Байрамкъо, къунжбузда саву бугеб.
Гьаб ц1акъ к1удияб рохел, бералъ маг1у хулараб.
Бергьенлъиялъул къо! Бергьенлъиялъул къо! Бергьенлъиялъул къо!

Йорч1ами, эбел, киналго гуро ниж руссарал,
Х1ат1илг1иц1 бокьилаан савудалъ рекеризе!
Башдаб Европа, башдаб дуниял нахъа тана,
Бажарухъе нижеца гьаб къо г1агар гьабуна.

Гьаб Бергьенлъиялъул къо, тунк1ихарил мах1 бугеб.
Гьаб гьайбатаб Байрамкъо, къунжбузда саву бугеб
Гьаб ц1акъ к1удияб рохел бералъ маг1у хулараб.
Бергьенлъиялъул къо! Бергьенлъиялъул къо! Бергьенлъиялъул къо!